




Haitian Creole Edition
Grade 8 Mathematics, Book 1
May 4–5, 2004

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk

Matematik

Liv 1



4–5 me, 2004



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2004 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

Egzanp A

Oditoryòm lekòl la te $\frac{7}{8}$ ranpli. Ki pousantaj oditoryòm lan te ranpli?


- A 7,8%
- B 37,5%
- C 62,5%
- D 87,5%

Egzanp B



Itilize règ ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Gen yon jaden ki gen fòm triyangilè tankou foto anba la. Jaden an bezwen klotire.



Dapre foto anlè a, ki kantite kloti nesèsè pou klotire tout jaden a?

- F 19,1 mè
- G 20,7 mè
- H 23,5 mè
- J 26,6 mè

1

Ki valè espresyon $3a + 2b$ a, si $a = 4$ epi $b = 9$?

- A 18
- B 23
- C 25
- D 30

2

Klas Clara a pral nan pwomenad nan mize syans ki nan lavil la. Ventsenk elèv, yon pwofesè, epi twa paran prale nan pwomenad la. Pri antre nan mize a se \$3,50 pou chak elèv epi \$5,00 pou chak granmoun. Konbyen li pral koute pou tout elèv yo epi granmoun yo antre nan mize a?

- F \$87,50
- G \$101,50
- H \$102,50
- J \$107,50

3

Wanga nègès yo emigre sou lòt bò Gòlf Meksik la a. Distans atravè Gòlf Meksiko a apeprè 525 mil epi wanga nègès yo vole nan yon vitès 25 mil pa è, konbyen tan li pran yon wanga nègès pou travèse Gòlf Meksik la a?

- A 8,75 è
- B 10,5 è
- C 21,0 è
- D 25,0 è

- 4** Yon konpayi ki fabrike soulye eksperimante yon bès nan vant soulye yo pandan yon peryòd 5 mwa, jan li montre nan tab anba la a.

VANT SOULYE

Mwa	Vant (an milye)
Jiyè	\$18,6
Out	\$17,4
Septanm	\$16,2
Oktòb	\$15,0
Novanm	\$13,8

Si vant soulye yo kontinye bese nan menm to a, ki kantite vant konpayi an pral genyen, an milye, pou mwa desanm lan?

- F \$15,0
- G \$13,8
- H \$12,6
- J \$11,4

- 5** Kilès ki faktORIZASYON primè an faktè premye pou 72?

- A $2^3 \cdot 3^2$
- B $2^3 + 3^2$
- C $2 \cdot 3^2 \cdot 4$
- D $2^5 + 3^3 + 13$


- 6** Nan klas Marta a, rapò ant elèv yo ki te manje tako pou lench parapò ak elèv yo ki te manje bourito te 12:18. Ki fraksyon ki yon fòm ekivalan pou rapò sa a?

- F $\frac{2}{8}$
- G $\frac{4}{9}$
- H $\frac{2}{3}$
- J $\frac{3}{4}$

Kontinye

7

Papa Juliet fè pizza chanpiyon an ki gen foto li anba la a.



Tranch ki kolore a gen 9 moso chanpiyon sou li. Ki estimasyon ki pi rezonab la pou kantite moso chanpiyon ki sou tout pizza a?

- A 100–125
- B 75–100
- C 50–75
- D 25–50

8

Manuel ak Jerry ap eseye jwenn valè ekspresyon an $(5 + 7)^2$.

Jerry gen lentansyon mete 5 okare, apres a mete 7 okare, epi apres a adisyone pwodwi yo ansanm.

Manuel gen lentansyon adisyone senk epi sèt ansanm, apres a mete sòm lan okare.

Ki fraz ki vre?

- F Sèl Jerry gen yon estrateji korèk.
- G Sèl Manuel gen yon estrateji korèk.
- H Toude Manuel ak Jerry gen yon estrateji korèk.
- J Ni Manuel ni Jerry gen yon estrateji korèk.


9

Espresyon an $\frac{1}{15} \div \left(\frac{4}{15} + \frac{1}{3}\right)$ ekivalan ak

- A $\frac{1}{9}$
- B 9
- C $\frac{1}{5}$
- D 5

10

Longè pou kote yo nan triyang ekilateral A defwa longè pou kote yo nan triyang ekilateral B. Konbyen triyang B ki ka rantre nan triyang A?



- F 2
- G 3
- H 4
- J 6

11 Klas Jane la pral lave machin pou eseye rantre lajan pou pwomenad klas la nan Washington, D.C. Samdi klas la lave 25 machin, epi yo mande \$6,50 pou chak machin. Depans yo pou jounen an te \$12,25. Ak ki ekspresyon Jane ka sèvi pou kalkile ki kantite lajan klas la te gen ki rete li apre depans yo te peye?

- A $25 \times (\$6,50 + \$12,25)$
- B $\$12,25 - (25 \times \$6,50)$
- C $(25 \times \$6,50) + \$12,25$
- D $(25 \times \$6,50) - \$12,25$

12 Jacob kanpe an liy pou yon kat postal nan boutik souvni mize a. Tout kat postal yo te swa ble, blan oubyen vèt ak yon foto yon pwason, ti bèt oubyen zwazo. Te gen yon nonm egal sou chak kalite kat postal. Ki pwobabilite a pou ke pa aza yo remèt Jacob yon kat postal ak yon pwason sou li?

- F $\frac{1}{2}$
- G $\frac{1}{3}$
- H $\frac{1}{6}$
- J $\frac{1}{9}$

13 Ki ekspresyon matematik ki ekivalan ak ekspresyon « nèf mwens sis fwa nonm t »?

- A $6t - 9$
- B $6 - 9t$
- C $9 - 6t$
- D $9t - 6$

Kontinye

14 Bethany gade yon fim ak yon soukoup volant ki vwayaje 93 milyon mil nan lesplas. Ki kantite mil soukoup volant lan vwayaje nan notasyon syantifik?

- F $9,3 \times 10^6$
- G 93×10^6
- H $9,3 \times 10^7$
- J 93×10^7

15 Bulls ak Lions se ekip baskètbòl yo nan lekòl segondè. Tab anba la a montre kantite pwen final yo nan match eliminatwa yo.

PWEN BASKÈTBÒL

	Match 1	Match 2	Match 3	Match 4	Match 5
Bulls	50	28	63	48	39
Lions	49	35	64	40	45

Dapre tab pwen yo, ki fraz vre?

- A Bulls yo genyen 20% nan match yo.
- B Bulls yo genyen 30% nan match yo.
- C Lions yo genyen 40% nan match yo.
- D Lions yo genyen 60% nan match yo.

16 Pwofesè Marilyn la kite li pran egzamen ratrapaj la. Li gen $\frac{24}{60}$ pou premye egzamen an epi $\frac{28}{40}$ pou egzamen ratrapaj la. Nan konbyen pousantaj èske Marilyn ogmante nòt li a?

- F 4%
- G 20%
- H 30%
- J 52%

17

Trent mezire imidite deyò lakay li a chak jou a midi pandan 20 jou. Sa yo te rezilta li yo:

33 21 39 49 44
 28 18 41 50 48
 26 31 44 52 41
 28 32 51 47 39

Kilès nan yo yon dyagram tij-ak-fèy ki korèk pou mezi Trent yo?

A 1 | 8
 2 | 1 6 8
 3 | 1 2 3 9
 4 | 1 4 7 8 9
 5 | 0 1 2

C 1 | 18
 2 | 21 26 28 28
 3 | 31 32 33 39 39
 4 | 41 41 44 44 47 48 49
 5 | 50 51 52

B 1 | 18
 2 | 21 26 28
 3 | 31 32 33 39
 4 | 41 44 47 48 49
 5 | 50 51 52

D 1 | 8
 2 | 1 6 8 8
 3 | 1 2 3 9 9
 4 | 1 1 4 4 7 8 9
 5 | 0 1 2

18

Som pòu de nonm se 6. 26 se sòm elevasyon okare de menm nonm sa yo. Ki nonm yo ye?

- F** 6 epi 0
- G** 3 epi 3
- H** 2 epi 4
- J** 1 epi 5

Kontinye

19

Gen de ang ki konplemantè. Yon ang mezire 60 degre. Ki mezi lòt ang lan?

- A 30 degre
- B 60 degre
- C 90 degre
- D 120 degre

20


Sèvi ak règ ou a pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Yon fanmi vwayaje nan machin depi Pwen A (Emerald City) jis nan Pwen B (Clarksville) pandan 2,5 èdtan. Si yo pa rete, kisa ki te vitès mwayèn yo an kilomèt pa è?

Estremite A
Emerald City



Estremite B
Clarksville



- F 10
- G 25
- H 30
- J 40


21

Tom resewva yon chèk kado \$75 pou magazen machandiz espòtif nan vwazinaj la. Li achte de bezbòl pou \$1,79 chak, yon gan bezbòl pou \$49,99, epi yon baton bezbòl pou \$12,19. Apeprè konbyen nan chèk kado li a li pral gen ki rete li?

- A \$9,00
- B \$11,00
- C \$64,00
- D \$66,00

22

Nan dyagram ki anba la a, distans lan depi atè a rive anba machin la egal a mwatye wotè kawotchou a. Chak kawotchou gen yon sikonferans 9,42 pye.



Ki distans lan ant anba machin la ak atè a?

- F 0,75 pye
- G 1,00 pye
- H 1,50 pye
- J 3,00 pye

23

Jeremy gen yon bwat ak yon kouvèti rektangilè. Anlè kouvèti a gen yon sipèfisi ki mezire 392 santimèt kare. Rapò ant lajè ak longè kouvèti a se 1:8. Ki dimansyon yo pou kouvèti a?

- A 4 sm pa 98 sm
- B 7 sm pa 56 sm
- C 8 sm pa 49 sm
- D 8 sm pa 64 sm

24

Sam achte 6 donòt pou pri ki make anba la a.

Donòt nati	\$0,60
Donòt fourè	\$0,79

Kilès ki ka montan li depanse pou tout donòt yo?


- F \$3,38
- G \$3,57
- H \$3,98
- J \$4,58

Kontinye

25 James gen peni, pyès senk kòb epi pyès dis kòb nan « bank » li a. Li gen *plis* pase \$1,60 epi mwens pase \$2,00 nan « bank la » a. Gen 5 fwa plis peni pase pyès dis kòb. Gen yon nonm egal pyès senk kòb ak pyès dis kòb. Ki kantite egzak lajan li gen nan « bank » li a?

- A \$1,60
- B \$1,70
- C \$1,80
- D \$1,90

26 Ki longè ipoteniz triyang lan ki anba la a?



- F $\sqrt{61}$
- G 61
- H $\sqrt{11}$
- J 11

27 Konsidere nonm reyèl yo M, N, P epi Q, epi relasyon sa yo:

$$\begin{aligned} M &< N \\ N &< P \\ Q &> P \end{aligned}$$

Ki fraz ki toujou vre?

- A $Q - P > Q - N$
- B $Q - P < N - M$
- C $Q - N > Q - M$
- D $Q - N < Q - M$

KANPE



Liv 1
Matematik
Klas 8
4-5 me, 2004

The McGraw-Hill Companies